

Fich Enfòmasyon sou Redekoupaj

Redekoupaj se retrasaj kongrè ak distri lejislatif l'eta Florid a yo pou ajiste ak pousantaj kwasans ki pa egal nan plizyè kote nan eta a. Distri yo detèmine nan ki eleksyon elektè yo ap patisipe. Mo sa a aplike pou tout Distri Komisyon Konte yo ak pou menm rezon an - pou rezoud inegalite popilasyon an.

Konstitisyon Eta Florid la [Atik VIII, Seksyon 1.(e)] egziye, apre chak resansman dis an, pou Konsèy Komisè yo divize konte a an distri teritwa vwazen ki prèske egal nan kantite popilasyon an nan jan sa posib, avèk yon Komisè ki ap rete nan chak distri ki eli jan lalwa prevwa sa. Chapit 124 Lwa Florid yo, prevwa tout redekoupaj pi souvan pou kenbe popilasyon an ekilibre men li prevwa tou ke redekoupaj la dwe fèt sèlman nan ane ki pa pè.

Kritè Konte Collier Apwouve:

- (1) popilasyon chak distri ta dwe similè nan mezi posib;
- (2) tout distri yo ta dwe konpak ak egal nan tout pati li yo nan mezi posib;
- (3) rezidans Komisè ki an fonksyon an (ak menm bagay pou manm Konsèy Lekòl la) dwe rete nan distri aktyèl li a; epi
- (4) konsidere ras ak etnisite popilasyon an pou li konfòme ak la lwa.

Kritè Siplemanntè Konte Collier

- (1) nenpòt plan ki gen yon efè regresif sou kantite vòt minorite a yo pral elimine pou mank de konsiderasyon;
- (2) limit ki byen defini, ki ka fasil pou rekonèt epi ki gen gwo limit tankou rivyè ou gwo wout, ta dwe itilize lè sa pa deranje lòt kritè yo;
- (3) ansyen limit distri a yo ta dwe jeneralman kontinye lè yo pa deranje lòt kritè yo; epi
- (4) kominote enterè tankou Golden Gate Estates ak entegrite katye a ta dwe prezève lè yo pa deranje lòt kritè yo.

Lwa sou Dwa pou Vote a egziye kreyasyon yon distri ki fonksyone pou minorite rasyal ak lang kote:

- (1) yon popilasyon minorite konpak sou plan jeyografik epi gen ase moun pou li se yon majorite nan yon sèl distri;
- (2) popilasyon minorite a gen koyerans sou plan politik;
- (3) majorite a vote ase kòm yon blòk pou pèmèt li jeneralman pote viktwa sou kandida minorite a prefere; epi
- (4) nan tout sikonsans yo, popilasyon minorite a gen mwens opòtinite pase lòt yo pou patisipe nan pwosesis politik ak eli reprezantan chwa li yo.

Lwa sou Dwa pou Vote (Voting Rights Act, VRA) a an plis entèdi diskriminasyon entansyonèl ak pwoteje kont regresyon—oswa rekil—nan kapasite ras ak lang minorite a pou l eli reprezantan yo chwazi a.

Seksyon 2 VRA a entèdi refi oswa restriksyon dwa pou vote sou baz ras, koulè oswa estati lang minorite a ki gen ladan opòtinite pou patisipe nan pwosesis politik la ak eli reprezantan yo chwazi a. Seksyon 2 a entèdi tou kreyasyon distri elektoral ki pa byen disoud pouvwa vòt minorite yo. Taktik ki souvan itilize pou disoud fòs vòt minorite a gen ladan:

1. Fisire — Divize gwoup moun ki gen menm karakteristik oswa karakteristik ki sanble pou tounen plis pase yon distri pou diminiye kapasite yo pou eli yon kandida yo swete.
2. Antase — Kondanse gwo gwoup moun ki gen menm karakteristik pou tounen menm oswa pou tounen apèn kèk distri nan mezi posib pou disoud fòs vòt yo lòt kote.

Kalandriye

Aktivite	Delè
Resevwa done sou popilasyon an nan Biwo Resansman Etazini.	Out 2021
Fè bouyon kat ki pwopoze ak done popilasyon ki koresponn.	Septanm 2021
Notifikasyon sou Reyinyon Enfòmasyon Piblik atravè prezantasyon Sivik-Minisipalite ak anons nan jounal.	Oktòb 2021
Reyalize Reyinyon Enfòmasyon Piblik nan tout kominote a.	Novanm 2021
Reyalize odyans piblik Konsèy Komisyon Konte (BCC) pou adopte kat final.	14 desanm 2021

Kalandriye Reyinyon Enfòmasyon Piblik sou Redekoupaj Konte Collier

Reyinyon Enfòmasyon Piblik sou Redekoupaj Konte Collier	Lokal	Dat
Distri 1	Collier County Government Center Administrative Building (Bldg. F, 3 rd Floor) BCC Chambers 3299 E. Tamiami Trail Naples, FL 34112	Lendi 1er Novanm 6 p.m.
Distri 2	North Collier Regional Park (Sal Ekspozisyon) 15000 Livingston Road Naples, FL 34109	Mèkredi 10 Novanm 6 p.m.
Distri 3	Golden Gate Community Center (Oditoryòm) 4701 Golden Gate Parkway Naples, FL 34116	Madi 16 Novanm 6 p.m.
Distri 4	Growth Management Department (Sal Konferans 609/610) 2800 N. Horseshoe Drive Naples, FL 34104	Madi 2 Novanm 6 p.m.
Distri 5	Immokalee Community Park (Sal Konferans) 321 N. 1st Street Immokalee, FL 34142	Lendi 15 Novanm 6 p.m.

Nan senk Reyinyon Piblik nan aswè yo, patisipan yo ap gen opòtinite pou revize kat ki pwopoze yo ak poze kesyon. Yon prezantasyon kout ap fèt nan kòmansman chak reyinyon sa yo. Ap gen efò k ap fèt pou genyen entèprèt nan lang Panyòl ak Kreyòl Ayisyen nan senk reyinyon sa yo. Tout reyinyon yo ouvri pou piblik la, kèlkeswa Distri yo rete a. *Nou ankouraje nou mete mask figi men se pa yon obligasyon.*

Enfòmasyon Kontak:

David Weeks, Manadjè Pwojè pou Redekoupaj BCC
Anplwaye Kontraktèl Depatman Jesyon Kwasans Konte Collier
(239) 252-2305
david.weeks@colliercountyfl.gov

<https://www.colliercountyfl.gov/your-government/divisions-s-z/zoning-division/2021-collier-county-bcc-redistricting-information>